

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar: (1) lokasi jeung sumber data, (2) métode panalungtikan, (3) desain panalungtikan, (4) wangenan operasional, (5) instrumén panalungtikan, (6) téhnik ngumpulkeun data, (7) téhnik ngolah data, jeung (8) analisis data.

3.1 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi, Jl. Pesantren Kiarakuda Ciawi (0265) 453174, 453175 Kabupaten Tasikmalaya 46156.

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta dua paket ulangan harian kelas X jeung XI sarta lembar jawaban ulangan harian kelas X RPL (Rekayasa Perangkat Lunak) jeung kelas XI Akuntansi 2 SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi taun ajaran 2016/2017.

- 1) Lembar jawaban ulangan harian kelas X RPL lobana 3 pakét soal.
- 2) Lembar jawaban ulangan harian kelas XI Akuntansi 2 lobana 3 pakét soal.


3.2 Métode Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Setyosari (2012, kc. 39) nétélakeun yén panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan nu miboga tujuan pikeun ngajelaskeun atawa ngadéskripsikeun hiji kaayaan, peristiwa, objék naha jalma atawa sagala hal anu patali jeung variabel-variabel anu bisa dijelaskeun boh ku angka-angka atawa kalimah.

Métode déskriptif dipaké pikeun ngagambarkeun data-data anu patali jeung tés, hususna soal ulangan harian basa Sunda jeung hasil data anu geus dijawab ku para siswa kelas X, jeung kelas XI di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi.

3.3 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta data hasil analisis dina wangun tabél anu mangrupa soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi taun ajaran 2016/2017 dina wangun pilihan ganda jeung ésay, anu tujuanana pikeun ngajelaskeun tingkat validitas eusi, validitas émpiris (hésé babarina soal jeung daya pangbéda), réliabilitas, sarta tingkat layak henteuna soal.

Tabél 3.1
Instrumén Validitas Eusi

No	ASPEK PENILAIAN	RERATA SKOR	
		Pakar	Praktisi
1.	Pituduh: Jelas henteuna pituduh instrumén tés Ulangan Harian		
2.	Matéri: a. Jelas henteuna rumusan indicator		
	b. Patalina antara jenis penilaian jeung indikator.		
	c. Jelas henteuna instrumén jeung materi anu diujikan.		
	d. Jelas henteuna bahan penilaian jeung alat penilaian nu digunakeun		
3.	Basa: a. Ngagunakeun basa lulugu.		
	b. Rumusan basa komunikatif		
	c. Ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham		
4.	Tata tulis: a. Huruf nu digunakeun		
	b. Ukuran huruf nu digunakeun		
	c. Format atawa lay out		
5.	Penilaian Umum: Penilaian sacara umum kana instrumen Ulangan Harian		
	Rerata Total Skor		

Keterangan:

1) Jelas henteuna pituduh instrumén tés ulangan harian

Skala peunteun 3 : pituduh dina instrumén tés jelas.

Skala peunteun 2 : pituduh dina instrumén tés cukup jelas.

Skala peunteun 1 : pituduh dina instrumén tés henteu jelas.

2) Jelas henteuna rumusan indikator

Skala peunteun 3 : rumusan indikator geus jelas.

Skala peunteun 2 : rumusan indikator cukup jelas.

Skala peunteun 1 : rumusan indikator teu jelas.

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2
TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Patalina jenis penilaian jeung indikator
 - Skala peunteun 3 : jenis penilaian jeung indikator aya patalina.
 - Skala peunteun 2 : jenis penilaian jeung indikator patalina cukup.
 - Skala peunteun 1 : jenis penilaian jeung indikator euweuh patalina.
- 4) Jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun
 - Skala peunteun 3 : instrumén jeung matéri anu diujikeun jelas.
 - Skala peunteun 2 : instrumén jeung matéri anu diujikeun cukup jelas.
 - Skala peunteun 1 : instrumén jeung matéri anu diujikeun henteu jelas.
- 5) Jelas henteuna bahan penilaian jeung jeung alat penilaian nu digunakeun
 - Skala peunteun 3 : bahan penilaian jeung jeung alat penilaian nu digunakeun geus jelas.
 - Skala peunteun 2 : bahan penilaian jeung jeung alat penilaian nu digunakeun cukup jelas.
 - Skala peunteun 1 : bahan penilaian jeung jeung alat penilaian nu digunakeun henteu jelas.
- 6) Ngagunakeun basa lulugu
 - Skala peunteun 3 : basa lulugu nu digunakeun sampurna.
 - Skala peunteun 2 : basa lulugu nu digunakeun cukup sampurna.
 - Skala peunteun 1 : basa lulugu nu digunakeun henteu sampurna.
- 7) Rumusan basa komunikatif
 - Skala peunteun 3 : basa nu digunakeun komunikatif.
 - Skala peunteun 2 : basa nu digunakeun cukup komunikatif.
 - Skala peunteun 1 : basa nu digunakeun henteu komunikatif.
- 8) Ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham
 - Skala Peunteun 3 : ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham.
 - Skala peunteun 2 : cukup ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham.
 - Skala peunteun 1 : henteu ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham.
- 9) Hurup nu digunakeun

Skala peunteun 3 : hurup nu digunakeun kaharti.

Skala peunteun 2 : hurup nu digunakeun cukup kaharti.

Skala peunteun 1 : hurup nu digunakeun henteu kaharti.

10) Ukuran hurup nu digunakeun

Skala peunteun 3 : ukuran hurup nu digunakeun gedé.

Skala peunteun 2 : ukuran hurup nu digunakeun sedeng.

Skala peunteun 1 : ukuran hurup nu digunakeun leutik.

11) Format atawa Lay Out

Skala peunteun 3 : format atawa lay out alus.

Skala peunteun 2 : format atawa lay out sedeng.

Skala peunteun 1 : format atawa lay out goréng.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku cara ngumpulkeun soal jeung lembar jawaban ulangan harian basa Sunda siswa kelas X jeung XI SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017.

3.6 Téhnik Ngolah Data

3.6.1 Analisis Validitas

Analisis validitas nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta validitas eusi jeung validitas émpiris (tingkat hésé babarina soal jeung daya pangbéda) anu aya dina soal ulangan harian basa Sunda.

1) Analisis Validitas Eusi

Analisis validitas eusi dina ieu panalungtikan maluruh valid henteuna soal ulangan harian basa Sunda nu dipaké di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi dina lumangsungna prosés pangajaran.

Tabél 3.2

Analisis Validitas Eusi

Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Pilihan Ganda

No Soal	Aspék nu Dianalisis											Kat.
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)	(12)	(13)
1												
2												

Katerangan:

1. Jelas henteuna pituduh soal
2. Jelas henteuna rumusan indikator
3. Patalina antara jenis penilaian jeung indikator
4. Jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun
5. Jelas henteuna bahan penilaian jeung alat penilaian nu digunakeun
6. Ngagunakeun basa lulugu
7. Rumusan basa komunikatif
8. Ngagunakeun kecap jeung kalimah nu gampang dipikapaham
9. Huruf nu digunakeun
10. Ukuran huruf nu digunakeun
11. Format atawa layout.

2) Analisis Validitas Émpiris

Analisis validitas émpiris dina ieu panalungtikan maluruh ngeunaan tingkat hésé babarina soal jeung daya pangbéda dina soal ulangan harian basa Sunda semester 2 nu dipaké di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi.

(1) Analisis Hésé Babarina

Analisis hésé babarina soal nya éta nganalisis tingkat hésé babarina soal dina wangun pilihan ganda jeung ésay.

a) Wangun Soal Pilihan Ganda

Dina nangtukeun tingkat hésé babarina soal wangun pilihan ganda kudu maké rumus, sangkan mikanyaho tingkat hésé babarina soal wangun pilihan ganda. Anapon rumusna saperti ieu di handap.

Rumus néangan IF:

$$IF = \frac{B}{JS}$$

Keterangan:

IF = tingkat hésé babarina soal

B = lobana siswa nu ngajawab bener

JS = lobana siswa nu ngajawab

Tabél 3.3
Analisis Tingkat Hésé Babarina Soal
Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Pilihan Ganda

No Soal	Lobana siswa anu ngajawab bener (B)	Lobana siswa anu ngajawab (JS)	Tingkat hésé babarina soal (IF)	Katégori soal	Keterangan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
...					

b) Wangun Soal Ésay

Rumus nu dipaké pikeun nangtukeun tingkat hésé babarina soal wangun ésay nya éta:

$$IF = \frac{\Sigma x}{Sm N}$$

Keterangan:

IF = tingkat hésé babarina soal

Σx = lobana skor siswa

Sm = skor maksimum

N = lobana siswa

Tabél 3.4
Analisis Hésé Babarina
Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Ésay

No Soal	Lobana skor siswa (Σx)	Skor maksimum	Tingkat hésé	Katégori soal	Keterangan
---------	----------------------------------	---------------	--------------	---------------	------------

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2
TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

		(Sm)	babarina soal (IF)		
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
...					

Pikeun nangtukeun klasifikasi tingkat hésé babarina soal, digunakeun klasifikasi nurutkeun Sudijono (dina Sutarjat, D.M., 2013, kc. 35).

Klasifikasi indéks hésé babarina soal:

IF 0,00 – 0,10 : soal hésé pisan (ganti)

IF 0,11 – 0,30 : soal hésé (révisi)

IF 0,31 – 0,70 : soal sedeng (layak)

IF 0,71 – 0,90 : soal babari (révisi)

IF 0,91 – 1,00 : soal babari pisan (ganti)

(2) Analisis Daya Pangbéda

Analisis daya pangbéda miboga tujuan pikeun ngabédakeun antara siswa nu miboga kamampuh luhur jeung siswa nu kamampuhna handap. Dina nganalisis tingkat daya pangbéda wangun pilihan ganda jeung ésay béda, ku kituna rumus nu digunakeun ogé béda.

a) Soal Wangun Pilihan Ganda

Dina nganalisis tingkat daya pangbéda soal wangun pilihan ganda ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 maké rumus:

$$DP = \frac{\Sigma B_A - \Sigma B_B}{n}$$

Keterangan:

DP = daya pangbéda

ΣB_A = lobana siswa kelompok luhur nu ngajawab bener

ΣB_B = lobana siswa kelompok handap nu ngajawab bener

n = lobana sampel (27% x lobana siswa)

Tabél 3.5
Analisis Daya Pangbéda
Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Pilihan Ganda

No Soal	Lobana siswa kelompok luhur nu ngajawab bener (ΣB_A)	Lobana siswa kelompok handap nu ngajawab bener (ΣB_B)	Tingkat daya pangbéda (DP)	Katégori soal	Keterangan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
...					

b) Soal Wangun Ésay

Dina nganalisis tingkat daya pangbéda soal wangun ésay ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 nya éta maké rumus:

$$DP = \frac{\Sigma B_A - \Sigma B_B}{Sm.n}$$

Keterangan:

DP = daya pangbéda

ΣB_A = lobana siswa kelompok luhur nu ngajawab bener

ΣB_B = lobana siswa kelompok handap nu ngajawab bener

n = lobana sampel (27% x lobana siswa)

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2 TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sm = skor maksimum

Tabél 3.6
Analisis Daya Pangbéda
Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Ésay

No Soal	Lobana siswa kelompok luhur nu ngajawab bener (ΣB_A)	Lobana siswa kelompok handap nu ngajawab bener (ΣB_B)	Skor maksimum (Sm)	Tingkat daya pangbéda (DP)	Katégori soal	Kat
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
...						

Pikeun nangtukeun klasifikasi tingkat daya pangbéda soal, digunakeun klasifikasi nurutkeun Daryanto (2014, kc. 190).

Klasifikasi indéks daya pangbéda soal:

D 0,00 – 0,20 : goréng

D 0,20 – 0,40 : sedeng

D 0,40 – 0,70 : alus

D 0,70 – 1,00 : alus pisan

3.6.2 Analisis Réliabilitas

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2
TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina nganalisis tingkat réliabilitas soal wangun pilihan ganda jeung ésay ngagunakeun rumus nu béda. Dina nangtukeun tingkat réliabilitas soal wangun pilihan ganda ngagunakeun rumus réliabilitas “beulah dua”, sedengkeun soal wangun ésay ngagunakeun rumus réliabilitas *Alpha Cronbach*.

Tingakatan anu bisa dijadikeun tolak ukur nurutkeun Arikunto (dina Sunarti & Selly Rahmawati, 2014, kc. 99) nya éta:

- 0,80 – 1,00 = luhur pisan
- 0,60 – 0,79 = luhur
- 0,40 – 0,59 = sedeng
- 0,20 – 0,39 = handap
- 0,00 – 0,19 = handap pisan

1) Wangun Pilihan Ganda

Métode anu digunakeun dina nganalisis tingkat réliabilitas soal wangun pilihan ganda nya éta métode beulah dua ku cara ngabagi soal anu ganjil jeung genap.

Rumus korélasi product moment

$$r_{\frac{1}{2}\frac{1}{2}} = \frac{N \sum xy - (\sum x)(\sum y)}{\sqrt{[N \sum x^2 - (\sum x)^2] [N \sum y^2 - (\sum y)^2]}}$$

(Sugiyono, 2015:255)

Keterangan:

N = jumlah siswa

X = skor tést beulah ganjil

Y = skor tést beulah genap

Rumus Spearman-Brown:

$$r_{11} = \frac{2r_{\frac{1}{2}\frac{1}{2}}}{\left(1 + r_{\frac{1}{2}\frac{1}{2}}\right)}$$

(Arikunto, 2013:107)

Keterangan:

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2
TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

r_{11} = Koéfisíén réliabilitas

$r_{\frac{1}{2} \frac{1}{2}}$ = Koéfisíén antara skor-skor unggal bagéan (ganjil-genap)

Tabél 3.7
Hasil Skor Siswa Kelompok Ganjil jeung Genap
Soal Ulangan Harian Basa Sunda Wangun Pilihan Ganda

No. Urut Réspóndén	Skor total (x+y)	Skor ganjil (x)	Skor genap (y)	X^2	Y^2	Xy
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1						
2						
...						

2) Wangun Ésay

Rumus anu digunakeun dina nganalisis tingkat réliabilitas soal wangun ésay nya éta:

Rumus Varian Skor

$$S_i^2 = \frac{\sum X^2 - \frac{(\sum X)^2}{N}}{N}$$

Rumus Varian Total

$$S_t^2 = \frac{\sum Xt^2 - \frac{(\sum Xt)^2}{N}}{N}$$

Rumus Alpha Cronbach:

$$r_{11} = \frac{n}{n-1} \left(1 - \frac{\sum S_i^2}{S_t^2} \right)$$

(Arikunto, 2013: 122)

Keterangan:

r_{11} = réliabilitas soal

Rohimat, 2017

MODÉL SOAL ULANGAN HARIAN BASA SUNDA DI SMK ISLAMIYAH KIARAKUDA CIAWI SEMESTER 2
TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

n = jumlah butir soal

Si^2 = varian skor tiap butir soal

St^2 = varian skor total

3.6.3 Tingkat Layak Henteuna Instrumén Tés

Dina nganalisis tingkat layak henteuna soal kudu nganalisis heula tingkat validitas eusi, validitas émpiris (hésé babarina jeung daya pangbéda soal), sarta tingkat réliabilitas. Saupama éta data geus dianalisis sacara gembheng tangtu tingkat layak henteuna soal bakal kanyahoan.

Tabél 3.8
Tingkat Layak Henteuna
Soal Ulangan Harian Basa Sunda

No. Soal	Validitas Eusi	Validitas Empiris		Tingkat Réliabilitas	Keterangan
		Tingkat hésé babarina	Daya Pangbéda		
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1					
2					
3					
...					